Vaksinasyon Enpòtan pou Granmoun Ki Gen Maladi Kwonik Kondisyon Sante



Vaksen enpòtan pou tout granmoun, sitou pou sa yo ki gen maladi tankou maladi kè, dyabèt, oswa maladi poumon, ki ka rann enfeksyon yo pi grav.

Granmoun ki gen laj 19 lane oswa plis dwe pran vaksen kont COVID-19, grip ak Tdap (tetanòs, difteri, koklich)/ Td (tetanòs, difteri). Yon vaksen kont polyo ka nesesè si yo poko fin fè premye seri vaksinasyon timoun yo. Yo ka rekòmande lòt vaksen selon laj, eta sante ak estil lavi.

Vaksen yo ede bay pwoteksyon kont maladi grav! Pale avèk yon doktè oswa famasyen konsènan vaksen yo rekòmande yo.



Grip la ka ogmante risk ou pou w fè yon lòt kriz kadyak oswa estwòk.



Gen kèk maladi ou ka anpeche avèk vaksen ki ka ogmante sik nan san ou nan nivo ki danjere.



Koklich ak lòt enfeksyon respiratwa ka rann li pi difisil pou w respire.



- Pifò plan asirans kouvri vaksen yo rekòmande yo.
- Granmoun ki pa gen asirans oswa ki gen asirans ki pa kouvri (ase) vaksen yo rekòmande yo ka kalifye pou pwogram ki finanse anba seksyon 317 la.
- Pou plis enfòmasyon sou founisè vaksen k ap patisipe nan pwogram 317 la, ale sou bit.ly/4dh1P7u oswa eskane kòd QR la.

ESKANE MWEN

Jiyè 2026

Depatman Sante New Jersey:nj.gov/health/vaccines
American Academy of Family Physicians (AAFP) Kalandriye Vaksinasyon pou Granmoun: bit.ly/41AGEqh
Lyen sit ekstèn yo se sèlman pou rezon enfòmasyon epi yo pa enplike ni apwobasyon ni responsablite nan sa ki gen pou wè ak kontni yo.